



Pou Piblikasyon Imedya: 08/08/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO AP EKSPEDYE EKIP PONPYE NEW YORK POU EDE NAN DIFE FORÈ NAN KOT LWÈS

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ke yon ekip 20 anplwaye ak volontè ki soti nan Depatman Konsèvasyon Anviwonman Eta New York ap vwayaje nan Kot Lwès la pou ede nan kontwole dife kap boule nan Nò California ak toupatou nan Lwès la. DEC gen anplis gad forè ki soti nan kat eta kap travay nan lwès ki te kite byen bonè nan mwa sa a.

“Nouyòkè yo ap ede vwazen yo nan tan difisil yo e jodia sekouris ijans sa yo ap kontinye tradisyon sa a nan deplwaye nan Kot Lwès la pou ede batay kont dife forè devastatè sa yo,” Gouvènè Cuomo te deklare “Mwen konplimante gason ak fi sa yo pou kouraj yo e map rete tann pou yo retounen ansekirite.”

Anplwaye ak volontè DEC yo pral rejwenn ekip ki soti nan lòt eta yo kap vwayaje nan California, Washington ak Oregon, kote yo pral transpòte yo apresa nan yon kanp baz dife. Dife forè a ap boule plizyè dizèn milye kawotè ki te kòmanse avèk zèklè nan fen mwa jiyè. Anpil kay menase pa pwopagasyon nenpòt nan dife sa yo.

“Travay ekip ponpye DEC ap sèvi kòm yon gwo egzanp sou kijan eta yo ka travay ansanm epi pataje resous yo pandan tan detrès,” te deklare Komisyonè pa Entèrim DEC Marc Gerstman. “Nou swete yo yon vwayaj ki san danje ak siksè e nou pral akeyi ekip la lè yo retounen avèk plis rekonesans pou travay kouraje yo.”

Yo prevwa ekip New York la ap aktif nan lite kont dife pou de semèn. Yo pral peye dirèkteman Sèvis Forè Etazini tout depans administratif ak vwayaj pèsònèl la oswa ranbouse l bay eta.

New York te voye pou premye fwa yon ekip ponpye pou ede eta nan lwès yo pou konbat dife forè nan lane 1979, epi, yon mwayèn, youn oswa de ekip ale ede chak ane. Epi tou, nan ede kontwole dife forè nan lwès yo epi diminye dega, ekip sa yo vin gen bon jan esperyans ki ka sèvi nan konbat dife forè nan New York.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418